Siy Mesi A

Annou koube tèt nou jis yon moman.

Chè Bondye, lè nou tande chante sa, "Jezi toupre, e tout bagay posib," sa fè kè nou tresayi pou konnen ke sa se plis pase yon chante. Se Laverite. Ou isi a. Seyè, mwen kwè Ou te jis dèyè tabènak la apenn kounye a, tou; ti manman sa te kenbe ti bebe sa, mouye an tranp, nan lapli a; epi jenn gason sa t ap rele byenneme li, byen lwen laba nan lopital la, ap mouri. Tande priyè nou yo, Seyè. Gen moun ki chita nan legliz sa tout lajounen, depi sizè maten an. Y ap tann pou yo wè W, Seyè. Yo te tande nou pale jodi a ke Ou te resisite pami mò yo. E Ou se menm Jezi ki toujou ap viv aswè a, apre milnèf san lane. Ou toujou Jezi. E nou priye, Bondye, ke Ou va geri chak moun malad ki nan Prezans Divin lan. Ke pa gen yon moun ki fèb nan mitan nou lè sèvis sa a fini. Jis montre nou, Seyè, ke Ou isi a.

2 N ap panse a de mesye nan maten Pak sa, ki te dekouraje, san dout, men anpil isi a dekouraje aswè a, malad epi yo pa ka vin byen, doktè abandone yo, e antan yo te kontinye sou wout yo, te gen yon Etranje Ki te mache soti epi te pale avèk yo, te pale sou Lèzekriti, rès jounen an. E nan aswè, lè Li te fè yo antre nan pyès la epi Li te fèmen pòt la, Li te fè yon bagay. Li te fè l jis fason Li te fè l la anvan krisifiksyon an, e yo te konnen ke se te Seyè resisite a. Li te disparèt devan je yo. Yo kouri byen vit, tounen pou di lòt yo: "Li resisite pami mò yo."

3 Bondye, nou priye ke Li va vini nan mitan nou aswè a epi fè bagay sa yo ke Li te fè anvan krisifikasyon L la. Milnèf san lane pa anyen pou Li; Li Etènèl. E ke anpil isi a aswè a prese al lakay yo byen vit, pou di madanm yo, mari yo, byenneme yo, vwazen yo: "Li vivan! Li te parèt devan m aswè a! Li te geri maladi m lan! Mwen pral byen kounye a." Akòde sa, Papa. Nou mande l nan Non Jezi. Amèn. (Nou mèt chita.)

4 Mwen dezole ke mwen vin anwe, men mwen te jis tèlman okipe nan pale, nan batize; mwen te gen grip, pou kòmanse, depi m te retounen sot laba a nan Florid epi lòt bò nan zile yo. Mwen dwe kite nan maten an kounye a, pou Kalifòni, pou prèske tout yon mwa reyinyon. Kifè mwen te mande Frè Neville si l ta vle pale pou mwen aswè a, e mwen sèten nou te tande yon mesaj mèveye. Nou te apresye sèvis maten an nan men Frè Neville. E nou gen konfyans ke Bondye ap kontinye avè l epi legliz sa, pandan li pastè isi a.

5 Bon mwen fèk rankontre Billy laba a la, e li te on jan manyen m sou kote, epi li di: "Papa, moun yo kanpe isi a, e kèk nan yo te isi a tout lajounen."

6 Mwen di: “Ebyen, mwen kontan ke sèvis nou yo ap apwoche
nan fen an, alò nou p ap gen pou n kanpe.” E lapli ap tonbe. E
lè m antre nan bilding lan, yon ti koup te soti nan machin lan
laba a la, ak yon ti bebe malad, epi li te mouye an tranp. Manzè
pa t menm ka antre nan pòt yo. Men osi sèten mwen kanpe isi
a, Bondye te geri ti bebe sa, ki te kanpe la deyò a. En-en. Ala Li
reponn lapriyè!

7 E kounye a apre nou te preche jodi a, e maten an mwen te
preche sou senk sijè: *Viv, Mouri, Antere, Resisite, Vini.*

> Vivan, Li te renmen m; nan mouri, Li te sove m;
> Antere, Li te pote peche m yo byen lwen;
> Nan resisite, Li te jistifye gratis pou tout tan:
> Yon jou L ap vini—o, jou glorye!

Nou chita la, aswè a, ap veye epi ap tann aparisyon Li.

8 Poukisa nou antase isi a? Poukisa moun vin tande Levanjil la?
Epoutan, nan senplisite Li, Li se atraksyon ki pi fòmidab mond
lan te janm genyen. Jezi di: “Si yo leve M anlè, M ap rale tout
moun vin jwenn Mwen.” Kounye a bagay la se ke, èske relijyon
sa n ap pale a, èske li reyèl? Èske se Laverite? Si se Laverite,
alò nou ka kwè chak Pawòl Bib la di. Si se pa Laverite, nou
pa ta dwe gen anyen pou wè avè l, nou ta dwe jis kontinye nan
peche nou yo; manje, bwè, paske demen n ap mouri. Men mwen
tèlman rekonesan pou mwen konnen ke Sa ke n ap pale de li a se
Laverite! E se sèl relijyon nan mond lan. . . Poutan, katriyèm an
kantite, poutan se sèl relijyon nan mond lan ke Fondatè a te ka
mouri epi resisite, e L ap viv aswè a.

9 Mwen te wè nan jounal la, isi a nan jounal vil la lòt jou, kote
yo te gen yon nonm, yon Bouda, ki te leve. Anpil nan nou te
wè sa nan jounal la. Yo gen yon nonm ki se yon ti Bouda ki fè
bagay yo jis tankou Bouda te fè; natirèlman, li pa t fè mirak,
men ansèyman li ak tout bagay te jis tankou Bouda. Si Bouda
gen yon nonm nan chan an, youn ki fo; Bondye gen Sentespri a
nan chan an, vrè Lespri Bondye a.

10 Kounye a, nou te pale de bagay mèveye sa yo, men èske l
ap mache? Èske Sen an. . . Èske Sentespri a pral padonnen yon
nonm pou peche l yo? Èske L ap geri maladi li? Sètènman, L ap
fè l. Li se Bondye, pou tout tan. Kounye a, si nou kapab. . . Si Jezi
va vini nan mitan nou epi Li va pwouve Tèt Li, ke Li vivan, isi a
aswè a nan mitan nou, sa ta dwe fè nou chak kwè chak pwomès
Li genyen nan Bib la.

11 Èske gen yon moun isi a ki pa t janm nan youn nan reyinyon
m yo anvan? Ann wè men nou, ki pa t janm nan reyinyon an
anvan. Jis gade, pratikman mwatye foul la!

12 Mwen pa yon gerisè. Mwen pa kwè—pa kwè gen yon nonm ki
se yon gerisè. Jezikri se Gerisè a.

13 E Li te di, lè Li te isit la sou tè a, ke Bondye te Gerisè a. Bon, lè Li te isi a sou tè a, Li pa t pretann Li se yon Gerisè, men Li te montre moun yo siy Mesyanik Li a, e siy Mesyanik sa se te pou konnen sekrè kè yo. Konbyen moun ki konnen ke se vre?

14 Lè Li te di Pyè, lè li te vin devan L, kijan l te rele, kijan papa l te rele; Pyè te kwè nan yon fason konsa, ak yon lafwa konsa, ke Jezi te ba l kle yo pou Wayòm lan, pita, epi plase l alatèt Legliz la.

15 Lè Filip te jwenn Natanayèl anba pyebwa a, epi li te di l: "Vin wè Kilès mwen te jwenn, Jezi, moun Nazarèt la, pitit Jozèf la."

16 Epi relijye devwe sa a te di: "Èske te ka gen yon bon bagay ki soti Nazarèt?"

17 Li te ba li meyè repons ke yon nonm te ka bay. Li di: "Vin wè. Pa jis kritike sa. Vini, gade pou tèt pa ou."

18 Epi osito ke Filip te vini ak Natanayèl, Jezi te di l: "Men yon Izrayelit, ki pa gen riz nan li!"

Li di: "Kilè W te konnen m, Rabi?"

Li di: "Anvan Filip te rele w, Mwen te wè w anba pyebwa a."

Li di: "Ou se Pitit Bondye a, Wa Izrayèl la."

19 Li te di fanm nan pwi a sa ki te nan kè l. Bagay sa yo te pwouve ke Li te Mesi a. E si Mesi sa te resisite pami mò yo jodi a, epi L te fè ekspyasyon an, epi te geri maladi nou yo epi padonnen peche nou yo, alò sèl bagay Li te ka fè se te tounen montre menm siy sa ankò, ke Li toujou vivan pou fè nenpòt pwomès ke Li te fè, bon. Èske se vre? Annou kwè sa kounye a pandan n ap priye.

20 Seyè, moun yo ap tann. Yon sèl Pawòl ki soti nan Ou va plis pase sa Frè Neville oswa mwen te ka di nan plizyè vi. Jis yon sèl mo. Kounye a, gen mwatye nan oditwa sa a ki pa t janm wè reyinyon yo anvan. Seyè Bondye, Kreyatè Syèl ak tè a, voye Pwisans Jezikri a nan sal sa, Sila ki resisite a, Sentespri ki te vini nan Pannkot la, e ke Li tèlman wenn moun yo. Ke mwen kapab, menm ak vwa anwe sa, soumèt tèt mwen tèlman konplètman bay Lespri Li, ke Li te ka pale atravè vwa brize sa ke mwen ofri L la, gade atravè je sa yo ke mwen ofri Li, pou montre vizyon ak bagay ki ta fè moun yo wè ke Li resisite pami mò yo. E lè moun sa yo wè sa, ke tout oditwa a anbrase chak pwomès Li te fè. Si yo te peche, ke yo anbrase L pou padon. Si yo gen maladi, ke yo konnen ke ak blesi Li yo nou geri. Akòde l, Seyè. Nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

21 Kounye a se gwo konfwontasyon an. Isi a, devan de oswa twasan moun, li senp. Lè w kanpe devan senksan mil, yon demi milyon, menm bagay yo pase. Li se Bondye. Kounye a konbyen isi a ki malad epi ki vle yo priye pou yo, leve men nou. Ou wè, apeprè mwatye nan nou, oswa plis. Mwen pa ka fè yo tout monte isi a. Mwen panse . . . M ap oblije mande Billy ankò. (Mande l si l

distribye kat pou lapriyè. Kounye a, èske—èske li te fè sa?) [Yon frè di: "Wi."—Editè a.] Dakò. Dakò.

22 Dimanch pase a oswa dènye fwa mwen te isi a, yo pa t distribye okenn kat pou lapriyè, e mwen te jis mande: "Konbyen moun isi a ki pa t janm nan reyinyon an anvan?" Anpil te leve men yo, ke yo pat janm nan reyinyon an. Pandan yo te kanpe ak men yo anlè, Sentespri a te kontinye, ap di yo kimoun yo te ye epi kisa maladi yo te ye, ak sa ki te rive; epi te geri moun yo tèlman nèt, jouk timè ak bagay sa yo te disparèt, jouk operasyon yo pa t ka fèt. Konbyen moun ki te isit la pou wè sa jis kèk semèn de sa?

23 Si l te distribye kat pou lapriyè, alò nou va rele yo. Sa bay moun lokal yo, ak moun ki pa lokal yo; moun ki deja asiste yon reyinyon, moun ki pat asiste; pou vini nan liy lapriyè a. Nou pa ka fè yo tout monte isi a an menm tan. Nou pral mennen yo jis osi dousman ke posib.

24 E mwen vle w onèt ak Bondye. Se pou w onèt ak tèt ou. E si Jezikri vini nan mitan nou epi akonpli epi fè jis tankou Li te fè lè L te isi a sou tè a, lè L t ap mache nan Galile, ou ta dwe aksepte L pou nenpòt bagay ke w bezwen. Ou pa gen pou w anwo isi a sou estrad la. Li konsidere lafwa. Pral gen kèk moun isi a ki malad la nan oditwa a, ki pa menm gen yon kat pou lapriyè, yo pral geri kanmenm. Konbyen ki malad epi ki pa gen yon kat pou lapriyè? Leve men nou anlè. Ebyen, pa gen twòp kat pou lapriyè ki distribye alò, ou wè. Dakò, jis kwè. Jis gade nan direksyon sa.

25 Kite m montre nou sa Jezi te fè lè Li te isi a sou tè a. Te gen yon fanm, yon fwa, ki te vin jwenn Li. E li pat ka antre nan foul la. Li pa t gen kat pou lapriyè, men li te manyen bò rad Li, paske li te di nan kè l: "Mwen konnen Nonm sa di Laverite. Si m ka manyen rad Li, m ap geri." Epi li te manyen rad Li, li te soti nan oditwa a petèt plizyè fwa pi gwo pase sa isi a.

Jezi te vire, epi te di: "Kimoun ki manyen M?"

26 Pyè te menm reprimande L, epi li te di: "Poukisa W ta mande yon bagay konsa, alòske tout ap eseye manyen W?"

Li di: "Men Mwen santi ke M vin fèb."

27 Vizyon yo lakòz feblès. Ou pa ka fè, ale twò pwofon nan yo. Epi Li te di, te gade toutotou nan oditwa a jouk Li te jwenn fanm lan, epi te di l ke li te gen yon pwoblèm san, e lafwa li te geri l.

28 Konbyen ki konn sa? Bib la di ke, "Jezikri jodi a se Gran Prèt la ki ka touche pa santiman enfimite nou yo." Èske se vre? Ebyen, si Li te Gran Prèt la, ki te ka touche pa santiman enfimite nou yo, èske Li pa t ap aji jis tankou Li te fè lè sa a, si Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan?

29 Alò noumenm ki pa gen yon kat pou lapriyè, gade nan direksyon sa, epi di nan kè nou: "Seyè, mwen kwè ak tout kè m, e mwen kwè ke Ou pral geri m. Epi kite m manyen rad Ou. Epi pale atravè Frè Branham epi di l, jis tankou Ou te fè pou fanm

lan, epi m ap kwè Ou." Èske w ap onèt konsa, epi kwè Bondye ak tout kè w?

30 Billy Paul te di, te di sa fè kèk minit de sa, lè li te kanpe la, nou te pran yon ofrann lanmou pou mwen. Mwen pat vle pou sa rive. Sa te. . . Men, mèsi, kanmenm. Mwen bezwen li kounye a nan vwayaj Kalifòni m lan. Mwen pral mete l nan Levanjil la.

31 Ti ofrann sa yo ke nou ban mwen yo, nou konnen kisa k rive yo? Mwen te ale Pòtoriko ak Jamayik kèk semèn de sa, kote yo te anrejistre karant mil konvèti nan nèf sware. Kisa k te fè sa? Dim nou yo. Lè m te pati, majistra a nan. . . jij zile a te leve kanpe, li te di: "Nou gen evanjelis ki vini isi a epi ki pran gwo ofrann, epi sa koute anpil lajan. Men," li di, "lè Frè Branham te vini, li pa t menm mande yon santim lajan, li pat janm mande nou pou peye bil lotèl li. E li te peye pwòp tikè l, ale retou." Kisa k te fè sa? Lajan nou. Mwen vle sèten ke m depanse l kòrèkteman. Konsa, nan Tribinal Jijman an, lè m kanpe devan noumenm ak Bondye, m gen pou m rann kont pou sa, sa fèt kòrèkteman. Mwen aksepte l mwenmenm, toutotan ke m kapab ale, pou m fè pi byen ke mwen kapab pou glwa Li.

32 Bon nou pa ka rele tout kat pou lapriyè yo an menm tan, alò m ap jis fè yo avanse, jis kèk alafwa.

33 Kimoun ki gen kat pou lapriyè nimewo en? Èske w ta vle leve men w anlè, si w ka leve? Byen lwen dèyè a, se yon dam nwa. Vini dwat la nan direksyon sa, madam. Avanse epi vini isi a sou kote estrad la. Kounye a kimoun ki gen kat pou lapriyè nimewo de? Si w ka leve, leve men w, kat pou lapriyè nimewo de. Yon dam blanch isi a. Trè byen, madam, vini drèt epi swiv dam nwa sa a jouk isi a, drèt jouk isi a. Kounye a fè yo tounen nan direksyon *sa*, Doc, osito ke sa vin ranpli isi a.

34 Kat pou lapriyè, nimewo twa, èske w ta vle kenbe men w anlè, si w kapab? Mesye debyen drèt bò isi a, mesye. Nimewo kat, èske w ta vle kenbe men w anlè? Dakò, madanm, drèt bò isi a. Nimewo senk, èske w ta vle kenbe men w anlè? Jèn bonnonm sa drèt isi a. Jiskaprezan, yo tout se etranje pou mwen. Nimewo sis, èske w ta vle kenbe men w anlè? Nimewo sis. Èske m te rele nimewo senk, nimewo senk? Epi nimewo sis, tou se yon etranje pou mwen. Nimewo sèt, èske w ta vle leve men w? Leve men ou, kiyès ki gen nimewo sèt. Dakò, mwen kwè mwen konnen kanmarad sa. Mwen—mwen kwè mwen konnen l. Nimewo uit, èske w ta vle leve men w, si w kapab? Yon dam bò isi a. Dakò, nimewo nèf. Dakò, madam. Nimewo dis. Dakò, nimewo dis, dam lan.

35 Gen yon erè yon kote. Ki nimewo nonm sa ye isi a? Èske yon moun ta vle gade, kèk nan nou uisye yo, vini isi a pou wè. [Yon sè di: "Li se katrevenkat."—Editè a.] Katrevenkat. Se nimewo dis mwen t ap rele lè sa a, mèsi, nimewo dis. Men n ap rive sou ou kanmenm. Se kòrèk. Gade, mwen konnen kisa nimewo w la ye kounye a. Se katrevenkat, èske se pa t sa, ou di katrevenkat oswa

yon bagay konsa? Dakò, jis rete tann la. Jis kwè. Mwen di w, si w pa itilize kat sa, kat pou lapriyè a, gade nan direksyon sa epi kwè Bondye, epi wè si Bondye ap reponn priyè pou ou. Dakò.

36 Nimewo, se te dis? Onz. Dakò, douz. Kounye a, si w pa ka leve, jis . . . Nimewo douz. Trèz, nimewo trèz, dèyè nèt. Katòz, nimewo katòz, byen lwen dèyè a. Nimewo kenz.

37 Yo distribye yo toupatou. Ti gason yo ki distribye yo, jis di: "Kimoun ki vle yon kat pou lapriyè? Kenbe men nou anlè." Yo pran yo epi melanje yo tout, pèsonn pa konnen kilès k ap resevwa kisa. E yo jis bay yo fason sa.

38 Nimewo katòz. Nimewo kenz, kimoun ki gen kat pou lapriyè kenz, nimewo kenz? Nimewo sèz, byen lwen dèyè a. Nimewo disèt. Kounye a, si nimewo sèz nan bilding lan oswa kanpe nan koulwa a, jis fè yon chimen pou tèt ou arebò la. Nimewo . . . M dezole, m pa t janm wè men w, sè, sou li. Ou gen sèz? Dakò . . . [Sè a di: "Disèt."—Editè a.] Disèt. Dizwit, diznèf, nimewo diznèf. Ven, nimewo ven, nonm bò isi a. Dakò. Dakò.

39 Bon mwen kwè n ap rive drèt nan koulwa a isi a kounye a, kifè nou pral . . . [Yon frè di: "Sa ase."—Editè a.] Kisa w di? ["Sa ase."] Sa ase nan moman an. Dakò. Ebyen, gade nan direksyon sa epi kwè. Dakò.

Ann wè, si pyanis la, dousman epi trankilman, *Kwè Sèlman*, jis vrèman dousman.

40 Pifò nan moun ki nan koulwa isi a se etranje pou mwen. Mwen pa konnen nou. Kounye a gen kèk isi a ki toujou gen kat pou lapriyè, kèk petèt ki pa gen kat pou lapriyè. Petèt nou ka rele kèk lòt moun nan liy lapriyè a jis nan kèk minit, osito ke nou fin okipe de moun yo nan koulwa sa a.

41 Mwen kwè jennjan sa isi a, Doc, t ap vini sot dèyè a la, yo te rele l, sèz oswa sèt- . . . sèz. Dakò, vini drèt la epi pran plas ou, mesye.

42 Kounye a, si yo pa rele w, sa pa gen yon sèl bagay pou wè avè l, ou wè, jis gade epi kwè.

43 [Yon frè di: "Toujou gen kenz ki manke, tou."—Editè a.] Manke nimewo kenz. Petèt moun lan pa ka leve. Si w pa ka leve . . . Yon moun gade kat pou lapriyè lòt moun lan, petèt li soud epi li pa ka tande. Si yo isi a, kenz, ou byenvini pou pran plas ou nan liy lan. Si yo te soti epi retounen nan kèk minit, mete yo nan liy lan jis lè yo rele nimewo yo.

44 Yon fwa nou fin trete kèk moun nan liy lan isit la, n ap rele lòt moun yo. si Sentespri a pa sanble L ap wenn bilding lan, moun yo, pou yo ka geri.

45 Bon, kounye a se yon moman enpòtan, kounye a se tan an kote m te swa di Laverite oswa te bay yon manti. Kounye a se moman kote sa pral pwouve ke Jezikri resisite pami mò yo, oswa Li pa resisite pami mò yo. Kounye a se tan ke Li se menm lan

ayè, jodi a, ak pou tout tan, oswa Li pa menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Kounye a Li dwe pwouve ke Li se Gerisè a, oswa Li pa Gerisè a. E si yon moun ta vle pran plas mwen, pou priye pou malad yo, nou byenvini pou vin pran plas mwen.

46 Konbyen nan nou ki nan liy priyè a isi a, pandan n ap gade isi a, ki nan liy priyè a kounye a, ki pa konnen m, e nou konnen mwen pa konnen nou oswa anyen sou nou, leve men nou.

47 Nan oditwa a, ki konnen ke m pa konn anyen sou nou, leve men nou (poutan nou malad) nan oditwa a. Ou wè, men ni.

48 Kounye a kisa Bondye pral fè? Men Lekriti a, Lespri Bondye isi a, kounye a èske l ap mache? Si mwen ka soumèt tèt mwen bay Sentespri a, sa va mache. E sa p ap mache pou mwen sof si ou soumèt tèt ou bay Sentespri a, "Paske anpil zèv pwisan Jezi pat ka fè nan Pwòp peyi L, poutèt enkredilite yo."

49 Kounye kwè ak tout kè nou, se pou nou vrèman gen respè jan nou kapab. Rete kanpe trankilman, obsève. Si Sentespri a fè yon bagay, alò rejwi, epi kwè.

50 Kounye a, Seyè, tout sa nou genyen, tout sa nou ye . . . Yo rete kanpe jouk janm yo gen lakranp, yo rete jouk yo prèske prèt pou endispoze. Kounye a, Seyè, se pou yo konnen ke Ou se Bondye. E mwen te konvoke oditwa sa a ansanm, sou lòd Ou. E m kanpe isi a, pa pou yo wè m, oswa pa pou m eseye aji an gwo moun oswa fè yon bagay diferan, men se paske se yon komisyon yon Zanj te konfye m, e ki konfime pa Pawòl Ou. Se pou yo konnen aswè a ke Ou se Jezikri, Pitit Bondye a, ki te resisite pami mò yo; epi W ap viv nan Legliz Ou a, nan pèp Ou a, pou fè epi akonpli menm ministè Ou te genyen an lè Ou te isi a nan kò lachè a. Akòde l, Seyè. E nou va louwe Ou, nan Non Jezikri. Amèn.

51 Kounye a kote Billy Paul ye, èske li nan bilding sa a? Èske li pati? Oswa, yon moun ta dwe vin isi a pou pran kat pou lapriyè sa yo, ou wè. Vini, Frè . . . ? . . . Fanm lan gen kat pou lapriyè a nan men l. Jis ba li l, ou wè.

Se pou nou vrèman gen respè kounye a.

52 Kounye a dam sa isi a, otan ke m konnen, se yon etranje total pou mwen. E men yon kad Lekriti pafè, de moun ak de nasyonalite diferan.

53 Jezi te vin nan yon pwi yon fwa, nan Sen Jan 4, epi L te rankontre yon fanm Samari. Epi Li te pale avè l yon ti tan, jouktan Li te jwenn kisa pwoblèm li te ye. Epi Li te di l pwoblèm li. E, lè Li te fè sa, manzè te rekonèt se te Mesi a. Konbyen ki konn sa? Sonje konvèsasyon yo a? Li di: "Madanm, pote ti gout dlo pou M bwè." Kisa L t ap fè? Li t ap kontakte lespri l.

54 Epi manzè di: "Pwi a fon, e Ou pa gen anyen pou rale avè l. Se pa nan koutim pou Ou, yon Jwif, mande Samariten yo bagay konsa."

55 Li di: “Men si w te konnen ak Kiyès ou t ap pale, ou t ap mande M dlo.”

56 E kifè konvèsasyon an te kontinye jouk Li te jwenn kisa pwoblèm li te ye. Konbyen ki konnen kisa pwoblèm li te ye? Li t ap viv nan adiltè. Alò Li di: “Al chache mari w epi vin isi a.”

Li di: “M pa gen okenn mari.”

57 Li di: “Se vre. Ou te genyen senk, e sila w ap viv avè l la kounye a se pa mari w.”

58 Kounye a koute sa l te di. Li di: “Mesye, mwen wè Ou se yon Pwofèt. Nou konnen lè Mesi a va vini L ap di nou bagay sa yo. Mesi a, siy Mesi a, L ap fè sa lè Li vini; paske Li te Bondye-Pwofèt la, Pwofèt, Moyiz te pale de Li a.” Li di: “Nou konnen Mesi a pral fè sa lè L vini, men Kilès Ou ye?”

Li di: “Se Mwen Sila k ap pale avè w.”

59 Epi li kouri al nan vil la epi l di mesye yo: “Vini, wè yon Nonm Ki te di m bagay mwen te fè yo. Èske se pa Mesi a?”

60 E men yon fanm Etyopiyen kanpe isi a devan yon nonm Anglo-Sakson, premye fwa nan lavi ap rankontre; sa nou rele yon fanm nwa, yon nonm blan. Lè kesyon sa te soulve la, nan segregasyon an, devan Jezi, Li te fè yo konnen byen vit: pa gen okenn diferans nan koulè moun. Nou tout soti nan yon sèl pyebwa, Adan ak Èv. Egzakteman. Nan peyi nou te viv yo, sa te chanje koulè nou; pa t gen anyen pou l wè ak sa. Bondye te mouri pou tout kreyati yo: nonm blan an, nonm nwa a, nonm jòn lan, nonm mawon an, nonm wouj la, ak tout lòt. Yo tout se kreyati Bondye.

61 Men dam lan kanpe isi a pou yon bagay. Petèt li se yon kwayan, petèt li pa sa. Petèt li se yon pechè. Li ta ka yon sen. Li ka malad, li ka pa malad. Li ka nan bezwen; pwoblèm finansye. Li ka kanpe pou yon lòt moun. Mwen pa konnen. Mwen pa janm wè l, e mwen pa gen okenn lide pou kisa li isit la. E dam lan konnen sa. Èske se vre, madanm? [Sè a di: “Wi, mesye.”—Editè a.] Si se vre, leve men w anlè pou moun yo ka wè. Jis leve men w anlè pou moun yo. . . Jis leve men w anlè. Sa se premye rankont nou. Kounye a si Seyè Jezi a vle. . .

62 Si l malad, m pa t ap ka geri l plis ke m te ka geri nou. Men si—si Jezi isi a Li pa t ap ka geri l, paske Li deja fè sa lè Li te mouri sou Kalvè a. Men Li ka fè yon bagay pou pwouve ke Li toujou menm Jezi a, e manzè t ap kwè sa, li t ap geri. E an menm tan li t ap geri, nou t ap geri, tou, si nou ta kwè sa. Èske se vre? Kounye a, ke Seyè a akòde li. M ap tann onksyon Sentespri a, natirèlman.

63 E kounye a, nan Non Jezikri, mwen pran tout lespri isi a anba kontwòl mwen, pou glwa Bondye.

64 Kounye a, madam, mwen jis vle w gade m jis yon moman. Mwen vle w kwè ak tout kè w. E mwen pa gen plis lide pou kisa

ou isi a, kimoun ou ye, ke anyen. Men Bondye konnen tout bagay sou ou. Men si Bondye va di m poukisa ou isi a, alò ou va kwè ke Jezikri, Pitit Bondye a, isit la pou fè epi aji fason Li te fè lè L te isi a sou tè a?

65 Èske oditwa a va kwè, nan yon sèl akò?

66 Kounye a men nou isi a, sèn lan pare. Nou toulède gen men nou anlè, nou se etranje youn pou lòt. Sentespri a ki te ekri Bib la, te di bagay sa yo ta pral rive nan jou sa, ke Jezi te resisite pami mò yo e bagay sa yo t ap kontinye, ministè Li t ap kontinye, e nan dènye jou sa yo sa t ap jis egzakteman fason Li te pwomèt pou li ye a. Kounye a èske se vre?

67 Dam lan, kòm li nève, natirèlman, l ap fwote men l paske li santi l etranj nan moman sa. Se pa paske li kanpe bò kote m; mwen se frè l, m pa t ap fè l santi l konsa. Men li—li konsyan ke gen yon bagay k ap pase. E ou wè foto sa la ak Limyè sa anlè l, sè? Se sa ki fè w santi w fason sa. Sa se Zanj Seyè a sa, Li drèt anlè ou kounye a. E ou isi a pou m priye pou ou, pou yon pwoblèm nan do ke w ap soufri avè l. Se vre, leve men w anlè.

68 Kounye a èske nou kwè? Ou wè, fè konnen, sekrè kè a. Jis tankou Li te di: "Ou gen senk mari."

69 Nou di mwen . . . kounye a, sa ki fèk vini yo, nou ta ka di: "Frè Branham te devine sa."

70 Ann wè si Li te devine. Mwen kwè Li te di ou te gen pwoblèm nan do. Èske se te vre? [Sè a di: "Wi."—Editè a.] Se te laverite? ["Wi, mesye."] E ou, ou te fè yon operasyon, tou, e ou fèk soti lopital la. E, pou w ka konnen ke m se sèvitè Bondye, mari w chita dèyè a la. E li gen pwoblèm, tou. Si m ka di w ki pwoblèm mari w genyen, èske w ap kwè? ["Wi, mesye."] Li gen pwoblèm sou bò kòte li epi nan do l. Èske se vre? Leve men w anlè. Mwen pral di w yon lòt bagay. Mwen wè yon jenn gason, pitit gason w lan, ki chita drèt dèyè la, tou. Se vre. E pitit gason w lan gen yon sòt de kriz. Se vre. Madam Stovall se non w. Se non w sa, Madam Stovall. Al lakay ou, Jezikri reponn priyè w yo! Ou ka gen sa w te mande a, nan Non Jezi.

71 Kounye a jis kwè! Nou tout moun ki moun nwa yo, kwè ak tout kè nou kounye a. Èske nou reyalize ke Jezikri, Pitit Bondye a, te resisite pami mò yo? Se Lespri Li ki fè nou santi nou fason sa.

72 Kounye a men yon fanm blanch. Mwen pa konnen l, m pa gen okenn lide kiyès li ye, kisa li ye, oswa—oswa pou kisa ou isi a. Si se vre, leve men w anlè. Kounye a èske w kwè? Si Bondye vle, ka revele kè l, jis tankou Li te fè fanm nan pi a, tankou Li te fè fanm nwa a, konbyen moun blan ki tap kwè si Li te fè l? Men ni, mwenmenm ak fanm sa, toulède ak men nou anlè, sa se premye rankont nou.

73 M ap di yon sèl bagay, dam lan pa soti bò isi a. Ou soti nan lès, ou vwayaje nan direksyon lwès lè w ap vin isi a. Se vre. Ou soti Ohio, e vil la se te Dayton. Se vre. E pou sa ou isi a, se paske ou gen feblès. E ou gen yon kondisyon nè, paske ou pa ka dòmi. Ou pran yon jan de medikaman pou sa. Yo rele w "Dixie," se vre, Mason. Se vre. Retounen, ou pral dòmi kounye a, apati de aswè a. Jezikri fè w byen. Ale nan Non Seyè a.

74 Si w ka kwè! Kounye a noumenm laba a nan oditwa a, pandan onksyon Sentespri a isi a, nou kwè, noumenm ki san kat pou lapriyè yo.

75 E mesye vye granmoun lan ki te kanpe isi a sa fè yon moman de sa, ki, pa t ka . . . pat ka antre nan liy lan, li te gen move nimewo a, ki kote li te ye? Ou menm, leve kanpe sou pye w. Èske w kwè Jezikri se Pitit Bondye a? Èske ou kwè mwen se pwofèt Li? [Frè a di: "Wi, mesye."—Editè a.] Dakò. Ou gen pwoblèm ak poumon w yo. Se vre. Li kite w kounye a, al lakay ou epi rete an sante! Jezi te fè yon bon poumon pou ou, ou wè.

Gen lafwa, epi kwè. Bondye se Bondye.

76 Kijan w ye, mesye? Èske w kwè Seyè Jezikri? [Frè a di: "Amèn."—Editè a.]

77 Kounye a, te gen yon nonm ki te vin jwenn Jezi yon fwa, epi li te ale epi li te sove, epi li te ale epi te di yon lòt zanmi, epi te mennen l. E zanmi sa . . . Te di l ke li te yon kwayan. Epi l te sezi lè li tande sa, e li te di: "Kilè W te janm konnen m?"

78 Li di: "Anvan Filip te rele w, lè w te anba pyebwa a, Mwen te wè w." Sa te fè yon trajè senkant kilomèt bò lòt kote mòn lan. A pye, sa te pran li yon jou pou retounen nan liy priyè a, e lè l te vini nan liy priyè a.

79 Èske w kwè ke Jezi ka di m kisa pwoblèm ou ye? [Frè a di: "Wi, mesye."—Editè a.] Èske w ap kwè ak tout kè w? ["Wi, mesye."] Èske oditwa a va kwè ak tout kè yo? Se pa pou tèt pa l li isit la. Se pou yon lòt moun; e sa se yon madanm, e li kouvri ak lonbraj lanmò, sa se sè w. Se pa egzakteman pa ou . . . Se demi sè ou. E li pa isit la. Li nan yon lopital nan Tennessee. Se la ou soti tou. E ou se . . . Madanm lan te fè yon operasyon, men li pat itil anyen. Epi ou kanpe nan plas li. Bondye akòde demann ou an. Ale, e ke Bondye geri madanm sa epi fè l byen, sou baz lafwa mesye sa a.

80 Seyè Bondye, nou kondane demon sa k ap pran lavi madanm sa. E ke moun sa, ki se yon fanmi pou li, viv paske li te vini e li te kanpe nan plas li. Jezi, Ou te kanpe sou Kalvè a nan plas nou, e Ou te geri nou. E nou kwè nan Ou. Ke sa fèt konsa. Amèn.

Ale, kwè kounye a, frè. Pa enkyete w de anyen lòt.

81 Kijan w ye? Nou se etranje youn pou lòt. Sa se premye fwa nou rankontre. (Kounye a jis gen otan respè ke posib, epi koute byen epi priye.) Si nou pa konnen youn lòt, e nou se etranje

youn pou lòt, petèt se premye fwa ke nou rankontre. Èske se vre? Si se premye fwa nou rankontre, leve men w anlè. Si Bondye va revele m kisa pwoblèm ou ye, alò w ap kwè mwen se sèvitè Li? ["Wi, mwen kwè se sa ou ye. Ou se yon sèvitè Kris."] Mwen pral di w kounye a. Nou pa t janm rankontre anvan, men ou se moun Kentucky. Se vre. Ou soti nan yon kote ki rele Somerset, Kentucky. Se egzakteman sa. Mwen soti Burkesville, Kentucky. E w ap soufri ak yon pwoblèm ke se nan lestomak la—la, entesten, pati ki anba a. Se timè. Se vre. Dakò, Jewel ["O!"], retounen lakay ou, Bondye akòde w gerizon w. ["O!"]

82 Èske w kwè nan Pitit Bondye a, Jezi resisite a? [Sè a rele ankò: "O!"—Editè a.] Si w ka resevwa! Ou ta ka mande tèt ou poukisa dam lan ap rejwi. Ou t ap fè l, tou, ["O!"] si w te nan yon kondisyon pou mouri. ["Louwe Non Li!"]

83 Mwen pa konnen ou. Men mwen pa . . . Si m pa twonpe m, mwen kwè ou te batize maten an, paske mwen wè ou te fè yon bon bagay. Men, pou konnen w, mwen pa konnen w. Ou te jis antre nan basen an, e se te . . . li te—li te batize. Men èske w kwè Jezi ka revele m pwoblèm ou yo? Èske oditwa a kwè sa ak tout kè yo? Mwen wè yon fanm parèt ant mwenmenm avè ou. Ou kanpe isi a pou yon fanm, e fanm lan pi gran pase w anpil. Enben, se manman w. Li pa isit la. Li soti Georgia. E li vrèman gen nè. Kisa li ye, se chanjman nan lavi a, menopoz. Epi ou kanpe pou manman w. Sa se vre. Ebyen, li pral soti anba l, e l pral vin byen. Ale, kwè kounye a, tout sa pral fini. Di l pou l gen yon bon kouraj.

84 Bondye beni w, jenn gason. Gen lafwa. Kwè ak tout kè w. Si w ka kwè! Priye.

85 Mwen sipoze ke oumenm avè m se etranje. Bondye konnen w e Li konnen m. Men èske Bondye te ka revele m pwoblèm ou? E si L ta fè l, èske w t ap kwè L?

86 Konbyen moun isi a t ap kwè, epi di: "Bondye, m ap kwè si W di mesye sa"?

87 Jis yon moman. Dam lan ki chita jis dèyè tifi sa yo isi a, ap gade m, l ap soufri ak varis nan venn. Epi li chita la, ap priye pou yon lòt moun. E lespri l te touche Gran Prèt la, e li an kontak ak Bondye. W ap priye pou yon zanmi w, ki gen pwoblèm mantal. E y ap viv nan yon—yon vil, yon ti vil, se Corydon, Indiana. Se vre. Si w ka kwè, ou ka gen sa w te mande a. Amèn.

88 Ou te fè yon atak kè; toupre fen wout la. Kite m di w youn nan pwoblèm ou yo, sepandan, fimen sigarèt. Tann yon minit, lespri sa te sote lè sa a. Li pa vle fè sa. Se sa k ap lakòz pwoblèm ou. Men, se jenn gason *sa* ki chita drèt bò isi a, li vle debarase l de sigarèt, tou. Si li kwè ak tout kè l, abitid sigarèt la ap pati. Si w ka kwè! Ou kwè li? Si w kwè l epi aji sou sa, ou ka gen delivrans ou; konsa *ou* kapab tou. Ou pa soti isi a. Ou soti lwen isi a, tou. Retounen Owensboro kounye a, ap louwe Seyè a. Gen lafwa nan Bondye.

89 Mwen konnen ou, men mwen pa konnen kisa k pa bon avèk ou. Si Seyè a va revele m kisa pwoblèm ou ye, èske w ap kwè L? Alò pwoblèm lestomak ou a pral vin byen. Dakò. Al lakay ou epi rejwi, kwè ak tout kè w.

90 Mwen pa kwè mwen konnen ou. Èske nou se etranje youn pou lòt? [Sè a di: "Wi."—Editè a.] Èske ou kwè ke sa mwen . . .? Si m di ou laverite, ou t ap konnen se te laverite oswa non. ["Wi."] Dakò, pwoblèm kè w la ap kite w. Al lakay ou epi vin byen.

91 Mwen pa konnen w, men Bondye konnen w. Èske w kwè si m ta di w kisa pwoblèm ou te ye, ak ki kote l te ye, ou t ap vin byen? Nan do w. Al lakay ou kounye a, sa pral kite w epi ou pral vin byen.

92 Ou panse Bondye te ka geri timè sa epi fè l vin byen, san yon operasyon? Ou kwè? Leve men ou anlè si ou kwè sa. Al lakay ou epi resevwa l, nan Non Seyè Jezi. Kwè.

93 Etranj, lè m te di sa, ou te gen menm bagay la. Timè. Ou te santi yon sansasyon dwòl lè m te di sa, paske toulède espri yo te sote, an menm tan. Ale, Jezikri pral geri w. Kwè.

94 Ou se yon jèn gason, pou w gen atrit, men èske w kwè Jezi pral geri w? Si w kwè sa, mache soti, kwè, epi se pou w geri.

95 Konbyen ki kwè ak tout kè nou?

96 E si m pa t di w yon mo, men m te di w ke Bondye te geri w lè w te vire nan kwen an laba a. e ou te gen sansasyon dwòl sa, èske w t ap kwè m? Al lakay ou, ou byen. Jezikri geri w.

97 Ou se yon jèn fanm k ap soufri ak nèvozite. Èske w kwè ke Bondye pral geri nèvozite sa epi retire l nan ou? Ou t ap eseye jwenn yon kote pou kòmanse. Se isi a menm. Ale kounye a, rejwi, kè kontan. Se regle, pou ou. Kwè ak tout kè w.

98 Ou gen yon kondisyon nè ki lakòz yon pwoblèm nan lestomak. Ou te geri lè ou te leve dèyè a la, mesye. Se pou rezon sa a mwen t ap tann ou pase. Ale non, manje soupe ou, rete anfòm.

99 Yon pwoblèm fanm, nève, boulvèse. Se vre. Li pral kite w kounye a. Al lakay ou epi se pou w vin byen, nan Non Seyè Jezi. Jis gen lafwa.

100 Ou gen yon pwoblèm fanm, se vre, ki lakòz yon ekoulman. Se yon òvè ki bouche. Kwè, Jezikri pral geri w. Al lakay ou, epi kwè ak tout kè w.

101 Kounye a, ou gen yon kondisyon ki grav, se nan kè w, yon blokaj. Èske w kwè ke Jezikri fè w byen? [Sè a di: "Wi."—Editè a.] Si w kwè sa, ale nan Non Seyè a, epi se pou w vin byen. Gen lafwa nan Bondye.

102 Dakò, frè, èske w kwè ke Jezikri geri w, tou? Jis kontinye sou chemen ou, tou senpleman fè louwanj pou Seyè a.

103 Konbyen la a nan oditwa a ki kwè nan Seyè Jezi a? Li konnen chak . . .

104 Madam Nash, mwen konnen w, men mwen pa ka anpeche Limyè sa kanpe anlè tèt ou. Mwen konnen w, men w ap priye pou yon lòt moun. Se yon timoun piti, yon ti pitit, ki pa abite isi a. L ap viv laba a nan Tennessee. Epitou, w ap priye pou zanmi w ki doktè ki gen yon pwoblèm kè. E madanm li te fèk gen yon ti stwok lejè. Se vre. Kwè, e ou ka retabli.

105 Yon ti dam ki chita nan bout syèj la la a, ak dwèt li sou bouch li, kisa w panse, jèn dam? Ou te gen yon kriz nè. Ou pè pou w pa gen yon lòt. Se vre. Si se vre, leve men w anlè, pandan w ap siye dlo w nan je w. Pa pè, e ou p ap genyen l.

106 Dam ki chita bò kote w la la a, ou gen opresyon, pwoblèm bwonch. Sispann fimen, l ap kite w.

107 Gen lafwa nan Bondye. Kwè ak tout kè w. Si w ka kwè, tout bagay posib!

108 Men yon dam ki chita jis dèyè dam sa isi a. Mwen sèten ou se . . . Dam lan, jis yon moman, non li se Madam Evans. Li soti Kentucky, Louisville. Se vre. Mwen pa konnen ou. Ou konnen se vre. Ou gen pwoblèm kè, ou gen pwoblèm ak zòrèy ou. Se vre. Si se vre, leve men w anlè. Retounen nan Louisville, Jezikri fè w vin byen.

109 Mwen bay lafwa nou defi, nan Non Jezikri, pou kwè sa. Nenpòt moun isi a, kwè ak tout kè w! Byen lwen dèyè a, kanpe lwen dèyè a, ou kwè. Ou pa bezwen nan okenn sèten plas. Sou bò *sa a*, kwè! Konbyen laba ki bezwen gerizon? Leve men nou, epi di: "Mwen kwè, Seyè." Gen lafwa!

110 Chita drèt dèyè a nan direksyon *sa* isi a, mwen wè yon nonm k ap priye ak senserite, nan yon vizyon, li kanpe la, li se yon predikatè, li kanpe bò yon chè, e l ap preche pou yon kwasans . . . ap priye pou yon kwasans nan ministè li. Mwen pa t janm wè l anvan nan vi m. Men se pou sa w ap priye, frè. Ou va genyen l kounye a. Kwè nan Seyè Jezi!

111 Gen yon nonm ki chita dèyè li la a, ki gen yon bagay ki pa bon ak bra li, li gen boul sou bra li. Li se tou . . . Si w kwè sa, mesye, ou ka gen gerizon w. Amèn.

112 Jis *isi a* nan fen ranje sa isi a, nan dezyèm plas la, yon ti dam ak tèt li bese, drèt dèyè a nan direksyon dèyè a, chita la ap priye, li gen pwoblèm nan sak bil. Se sa, madam, ou leve men w, e mwen konnen ou—ou te sila ki t ap priye a. Ou te resevwa gerizon w jis lè sa a.

113 E sa, èske nou kwè Jezi te resisite pami mò yo? Èske Li isi a kounye a? Èske nou kwè L? Alò si nou kwè m, si m te di nou Verite Bib la, e Bondye te vire tounen epi te konfime ke mwen te di nou Laverite, sa vle di ke, pafètman ke, Seyè Jezi a isi a. Èske se vre?

114 Alò fè sa, fè sa, pa doute, poze men nou sou yon moun ki chita bò kote nou. Mwen pral priye isi a menm, e tout gwoup nou an

va geri kounye a menm si nou kwè sa. Èske nou kwè sa? Poze men nou youn sou lòt, alò. Tout sa ki kwè nou pral geri kounye a, di: "Amèn." [Kongregasyon an di: "Amèn."—Editè a.] Kounye a nou . . . M pral di priyè sa. Repete l, repete l apre mwen:

115 O Seyè, Kreyatè Syèl la ak tè a, Otè Lavi ki p ap janm fini an, Moun ki bay tout bon don, mwen nan bezwen, Seyè, de pwisans gerizon Ou. E mwen priye ke Ou va ban m lafwa pou aksepte li. Sa se pwomès Ou. Mwen kwè ke Ou se menm Jezi ki te mache sou rivaj Galile yo, ki te soufri sou Pons Pilat, ki te mouri, ki te resisite, ki te monte Anwo a, ki te bay lèzòm don, atravè Sentespri a. Mwen kwè Sentespri a isi a ap fè menm zèv ke Ou te fè lè Ou te isi a. Mwen ambrase pwomès sa. Mwen aksepte gerizon m. Mwen pwomèt pou m viv pou Ou epi obeyi Kòmandman Ou yo, mache nan Limyè a. E kounye a mwen kwè, paske mwen te fè konfesyon sa, ke mwen geri pa blesi Ou yo.

116 Chita vrèman trankil. Kounye a jis panse, sa se konfesyon nou, Bondye ap antre nan nou kounye a menm. Respire souf Sentespri a, pa lafwa: "Mwen kwè ke kondisyon m lan ap geri. Mwen kwè ke tout maladi m yo disparèt." Nou kounye a menm nan Prezans Bondye. Èske nou pa ka santi Lespri sa? Louvri kè nou, lafwa nou—nou. Sentespri a ap geri moun yo kounye a menm; yon ti fi jis chita isi a, yon lòt sou bò dwat mwen. Tout platfòm nan sanble li limen ak Pwisans Kris resisite a. Li anlè oditwa a. Li nan moun yo. La a, se te priyè nou.

117 Kounye a mwen pral priye epi mande demon dout la pou l elwaye l de nou.

118 O Seyè Bondye, Kreyatè Syèl ak tè a, tande priyè mwen, Seyè; byen vit, pandan Sentespri a isi a, anvan moun yo peri.

119 Mwen kondane dyab la! Jezikri te retire viktwa a nan men w, Li te genyen l sou Kalvè a; Li te triyonfe sou lanmò, dyab la, lanfè, ak tonm lan, epi te resisite sou twazyèm jou a, epi Li vivan pou tout tan. Sot isi a, Satan, ou se yon èt ke yo venk. Kite moun sa yo, e kite yo geri, nan Non Seyè Jezikri.

120 Tout sa ki aksepte gerizon nou, leve kanpe sou pye nou kounye a. Nan Non Jezikri, leve kanpe! Amèn. Leve men nou ba Li, epi louwe Li. Sèl moun ke mwen wè ki pa kanpe, gen yon nonm ki chita isi a nan yon chèz woulant, Gane Heelie. Mwen konnen kisa ka li ye, li se yon ka polyo.

121 Sanble yon chèz woulant dèyè *isi a*. Ann wè. Gen yon ka, yon dam ki gen yon sèl manm. Èske se vre? Èske ou kwè mwen se pwofèt Bondye? Mwen se yon etranje pou ou. Mwen pa ka geri w. Men èske w kwè Bondye ka di m kisa pwoblèm ou ye? [Sè a di: "Wi."—Editè a.] Si sa te fèt, èske sa t ap ede w? Ou se yon dyabetik. Se vre. Kounye a kwè sa, epi al lakay ou epi geri, nan chèz woulant lan. Se tout sa ou gen pou fè, se kwè nan Seyè Jezikri, epi pou w geri!

122 Leve men nou kounye a, epi—epi di: "Mèsi, Seyè, paske W geri m. Mèsi, Seyè, paske W geri m. Mwen louwe W, Seyè, paske W geri m. Bondye bon! Bondye gran! Bondye presye! Bondye reyèl! Bondye isi a! Sentespri a isi a. Pwisans Bondye a isi a. E kounye a mwen kwè ak tout sa ki nan mwen, ke Jezikri, Pitit Bondye a, fè m byen. Amèn."

123 Si gen yon moun isi a ki kondane poutèt peche, e ki konnen ke peche w yo pa anba San an, e kounye a menm nan Prezans Bondye, Ki konn panse w yo, e Sentespri a ap di m sa, èske w ta renmen aksepte Li kòm Sovè pèsonèl ou, ou vle ke yo sonje w nan lapriyè? Leve men nou, nou tout ki isi a. Bondye beni w, epi ou, epi ou, epi ou, epi ou. Se sa. Dèyè la a, ou menm, ak bò isi a. Sèten. Dèyè isi a, Bondye beni w, pitit gason. Bondye beni w lòtbò a. E Bondye beni w. Se sa.

124 Ou wè, Sentespri a pa janm gen tò. Lè Sentespri a di . . . Mwen t ap pare pou m remèt sèvis la pou Frè Neville, paske gerizon an fini, men Yon Bagay te di: "Yo bezwen gerizon nanm lan." Si nou vle resevwa Jezi kòm Sovè pèsonèl nou, koube tèt nou jis yon moman. Ann ofri yon priyè.

125 Frè Neville, mwen sitèlman anwe, ofri priyè sa, si ou vle. Dakò.

126 [Frè Neville ap priye: "Papa ki nan Syèl la, nan Non Seyè Jezikri, Ki te mache tèlman gloriye isi a nan mitan nou aswè a, tankou sila yo ki koube tèt yo, nan lafwa aswè a, ki kwè ke Ou kapab delivre yo, alafwa nanm ak kò, sove moun ki kwè kounye a epi ki repanti grasa lafwa. Bondye byenneme, se pou aswè sa a se yon lòt kalite aswè pou yo. Ba yo kounye a dezi a, O Bondye. Epi ba yo kounye a, O Seyè Jezi, konesans sa a yo t ap tann depi lontan pou konnen ke peche yo padone. Sove tout moun, O Bondye, ki te koube tèt yo laba a, ki te montre yon enterè nan lapriyè. E ke yo, apati de moman sa a, ke yo pran rezolisyon nan kè yo pou yo viv pou Sila Ki te mouri pou yo. Nan Non Jezi e poutèt Jezi nou priye. Amèn, e amèn. Lwanj pou Seyè a!"—Editè a.]

59-0329E Siy Mesi A
Branham Tabènak
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org